

# New York Child Support Program (Pwogram Sipò Timoun New York)

P.O. Box 1115  
Port Jervis, NY 12771  
TOUNEN LÈT LA SI MOUN NAN  
PA ABITE LA ANKÒ  
(RETURN SERVICE REQUESTED)

ANVLÒP LA GEN DOKIMAN KI GEN  
DAT EKSPIRASYON  
(TIME SENSITIVE MATERIALS INSIDE)  
TANPRI LOUVRI LI SAN PÈDI TAN

# Nouvo Kat Debi Sipò Timoun New York



## Aktive kat ou san pèdi tan

- Ale nan [www.bankofamerica.com/nycsdebitcard](http://www.bankofamerica.com/nycsdebitcard) oswa rele 1.844.323.7637 (TTY 1.866.656.5913).
- Lè yo mande w sa, kreye yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl ak kat (4) chif (PIN) pou w itilize nan ATM yo.
- Kat ou an pare pou w itilize l kounye a—fè acha tout kote yo aksepte kat debi Mastercard® oswa pran lajan kach nan ATM oubyen kote yo kesye labank.
- Siyen do kat ou.

## Sèvis kliyan disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou mande ransèyman sou kat ou

**Sou entènèt:** [www.bankofamerica.com/nycsdebitcard](http://www.bankofamerica.com/nycsdebitcard)

**Telefòn:** 1.844.323.7637

**TTY:** 1.866.656.5913

**Andeyò Etazini** (apèl kòlèk): 1.423.262.1650

**Si w pèdi kat ou, oubyen si yo vòlè li, rele nou san pèdi tan.**

## Zewo responsablite

Si w ta pèdi kat ou oswa yo vòlè li, Bank of America ap ranbouse ou pou nenpòt tranzaksyon yo fè ak kat la san otorizasyon, anba sèten kondisyon jeneral ki prevwa nan akò depo ou an pou Sipò Timoun New York.

## Fason pou w itilize kat ou

### Acha ak siyati:

- Prezante oswa pase kat ou.
- Chwazi “credit” (kredi).
- Siyen, pran kat ou ak resi ou.

### Acha ak PIN:

- Pase kat ou.
- Chwazi “debit” (debi) epi antre PIN ou.
- Anpil episri ofri tiraj lajan kach san frè pandan acha. Si ou vle lajan kach, chwazi montan an, epi li pral ajoute sou montan ou achte a.
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou.

### Fason pou pran lajan kach nan yon ATM:

- Foure kat ou epi antre PIN ou.
- Chwazi “checking” (kont chèk) epi mete montan ou vle retire a.
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou.

### Fason pou pran lajan kach labank oswa nan kredi inyon ki aksepte Mastercard:

- Konnen ki balans ou gen ki disponib anvan w pran lajan kach.
- Prezante kat ou bay kesye a epi di konbyen ou vle retire nan balans ou gen ki disponib la.
- W ap gen pou montre yon fòm ID.
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou.

## Enfòmasyon enpòtan

- Akò depo ki la a gen kondisyon jeneral legal pou itilizasyon kat ou an.
- Lè ou sèvi ak kat ou oswa ou otorize lòt moun sèvi ak kat ou, ou dakò ak kondisyon jeneral yo ki nan akò a.
- Sa se yon kat debi—se pa yon kat kredi. Limit lajan an se balans ki nan kont ou an. Chak acha oswa retrè dedui nan lajan ki nan kat la, kidonk swiv ki balans ou genyen.
- Tanpri aktive kat ou.

**GADE NAN DO A POU DETAY SOU FRÈ YO AK ITILIZASYON KAT OU.**

## Pouvwa pou achte ak Mastercard

### Sèvi ak kat ou tout kote yo aksepte kat debi Mastercard:

- Makèt
- Magazen detayan
- Restoran
- Estasyon gaz
- Kòmman pa lapòs
- Klinik medikal
- Magazen sou entènèt
- Kòmman nan telefòn

### Fason pou pran lajan kach pandan yon acha:

- Anpil episri ak magazen depanaj ofri tiraj lajan kach san frè lè w ap fè yon acha.

## Konsèy pou sekirite nan ATM

- Lè w nan ATM, se pou w toujou konnen kisa ki ozalantou w. Si w remake nenpòt moun oswa nenpòt bagay sispèk oswa danjere lè w ap pwoche toupre yon ATM, sèvi ak yon lòt ATM oswa tounen pita.
- Nan ATM ki anndan yo, fèmèn pòt la nèt. Pa louvri pòt la pandan w ap fè tranzaksyon ou an.
- Lè w ap sèvi ak yon ATM pou machin, asire w vit nan bò pasaje yo fèmèn epi pòt yo lòk.
- Si w oblije sèvi ak yon ATM lanwit, anvizaje fè yon moun ale avèk ou.
- Konsève kat ou nan yon kote ki gen sekirite pou w toujou pwoteje li. Si w pèdi kat ou, oubyen si yo vòlè li, kontakte nou san pèdi tan.

- Ou dwe pridan lè w ap tape PIN ou sou klavye a. Apre w fin fè tranzaksyon ou, sere kat ou, lajan w ak resi w avèk prekosyon anvan ou kite zòn ATM nan.
- Pa janm bay okenn moun PIN ou, epi pa janm ekri li okenn kote, sitou sou kat ou an.
- Pa janm bay enfòmasyon sou kat ou oswa PIN ou nan telefòn. Si yon moun ap mande w enfòmasyon sa yo, refize bay yo epi kontakte nou san pèdi tan.
- Rele 911 si w bezwen asistans ann ijans. Kontakte polis zòn ou an touswit si gen yon krim oswa ou sispèk yon krim ki gen rapò ak kont ou an. Si w gen yon enkyetid konsènan sekirite nan yon ATM Bank of America, tanpri rele nou nan 1.800.222.7511.

## Tranzaksyon espesyal

**Estasyon gaz** – Lè w peye nan ponp lan, sa ka lakòz yon blokaj lajan jiska \$100; anvizaje peye anndan, epi di pou konbyen ou vle achte, epi siyen resi a.

**Restoran** – Restoran yo ka verifye si ou gen ase lajan nan kont ou pou peye bòdwo a. Asire ou gen ase lajan pou kouvri nenpòt tep ki ajoute.

**Otèl yo** – Otèl la ka bloke monte yo kalkile bòdwo ou pral ye apre, ki fè montan sa pa disponib pou lòt acha. Lè ou kite otèl la, blokaj la ka pran kèk jou pou yo retire li.

**Lokasyon machin** – Ou ka sèvi ak kat ou an pou peman final pou yon machin lokasyon, men yon kat kredi gendwa nesès pou rezève yon machin lokasyon.

**Tounen machandiz** – Règleman magazen yo diferan pou tounen machandiz. Ou ka resewa yon kredi nan kont ou an oswa yon kredi nan magazen an. Yon kredi nan kont ou ka pran yon semèn pou tretman anvan lajan an vin disponib pou w itilize.

## Pou Pwoteksyon Ou

- Toudabò, ou dwe rele sèvis kliyan pou aktive kat ou.
- Siveyans: Pou pwoteje kont ou, Bank of America siveye itilizasyon kat ou epi li chèche aktivite ki pa nòmal ki ta ka montre gen fwod.
- Règleman sou Enfòmasyon prive: Youn nan responsablite Bank lan ki pi enpòtan se kenbe pwoteksyon enfòmasyon finansyè ou. Ale nan [www.bankofamerica.com/prepaidprivacy](http://www.bankofamerica.com/prepaidprivacy) pou jwenn yon eksplikasyon sou fason Bank lan jere enfòmasyon ou ki gen rapò ak pwogram kat debi sa a.

## Limit sou Tranzaksyon

- Retrè nan ATM—Ou ka retire jiska \$1,000 nan yon ATM pandan nenpòt peryòd 24 èdtan.
- Transfere lajan nan lòt kont: Montan transfè ki piti a se \$20.

## Lis Frè Bank yo

Lè gen tranzaksyon ki fèt, y ap chaje kont ou an chak jou pou Frè Labank pou tranzaksyon Kat Debi Sipò Timoun New York.

SÈVIS KI PA GEN FRÈ	
<b>TRANZAKSYON ACHA</b>	
Acha kay Komèsan (siyen, sèvi avèk PIN, sou entènèt, acha nan telefòn oswa pa lapòs)	<b>Pa gen Frè</b>
<b>TRANZAKSYON ATM*</b>	
Tcheke Balans nan ATM (tout ATM yo)	<b>Pa gen Frè</b>
Tranzaksyon ki Refize (ATM yo sèlman)	<b>Pa gen Frè</b>
<b>LÒT SÈVIS</b>	
Jwenn Lajan Kach kote Kesye (Disponib nan enstitisyon finansye ki aksepte Mastercard) (Limit la se balans ki disponib la sèlman)	<b>Pa gen Frè</b>
Demann ransèyman Sèvis Kliyan Sou entènèt, Otomatik, An dirèk oswa Entènasyonal	<b>Pa gen Frè</b>
Sèvis Alèt pou Kont	<b>Pa gen Frè</b>
Transfere Lajan sou Entènèt	<b>Pa gen Frè</b>
Etadkont Labank Pa lapòs	<b>Pa gen Frè</b>
Frè pou Tranzaksyon Entènasyonal	<b>Pa gen Frè</b>
Bay yon Chèk nan Fèmte Kont	<b>Pa gen Frè</b>

SÈVIS KI GEN FRÈ	
<b>FRÈ TRANZAKSYON ATM*</b>	
Retrè Bank of America oswa Allpoint ATM (Ozetazini)	De (2) gratis chak mwa, apres a \$0.50
Retrè nan ATM ki pa pou Bank of America oswa ki pa pou Allpoint (Ozetazini)	\$0.50 pou chak tranzaksyon
Retrè nan ATM Entènasyonal (tout ATM andeyò Etazini yo)	\$0.50 pou chak tranzaksyon
<b>FRÈ POU LÒT SÈVIS</b>	
Ranplasman Kat (Ozetazini)	Pa gen frè pou premye ranplasman an chak ane, apres a \$5.00
Ranplasman Kat—Livrezon Express (chaj anplis)	\$12.50 pou chak demann

\*Pwopriyetè ATM yo gendwa mete yon “frè sèvis” oswa “frè sichaj” pou sèten tranzaksyon nan ATM (yo dwe afiche yon siy nan ATM nan pou montre frè anplis yo); men, yo pa pral chaje w okenn frè sèvis oswa frè sichaj anplis nan yon ATM Bank of America oswa Allpoint. Yon ATM Bank of America vle di yon ATM ki afiche aklè non ak logo Bank of America. Yon Refi tranzaksyon ATM rive lè ou mande yon montan ki pi gwo pase balans ou, oswa ou antre PIN ou mal plis pase kat fwa. Li gendwa pa disponib pou tcheke balans nan tout ATM andeyò Etazini yo.

Remak: Pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak lis frè ki anwo a, tanpri rele Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York nan 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oubyen 1.423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini). Pou nenpòt kesyon konsènan montan peman ou yo, tanpri kontakte Sèvis asistans nan telefòn pou Sipò Timoun Eta New York nan 1.888.208.4485 (TTY 1.866.875.9975).

Se Bank of America, N.A. ki emèt kat sa a, dapre yon lisans nan men Mastercard International Incorporated. Mastercard se yon mak depoze Mastercard International Incorporated.